

Se responsabilite University Hospital pou l asire l ke pasyan l yo konsève dwa endepandans yo nan ekspresyon, desizyon, aksyon ak nan idantite pèsònèl yo. Lopital la pa dwe fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, laj, relijyon, nasyonalite, orijin etnik, kilti, langaj, sèks, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, enfimite, dyagnostik, kapasite pou fè peman, oswa sous peman.

An retou, University Hospital gen dwa pou li atann aske pasyan l yo, fanmi yo ak zanmi yo gen yon konpòtman rezonab e responsab.

Chak pasyan nan lopital New Jersey gen dwa swivan sa yo, e lopital la oswa kèlkeswa moun ki nan estaf li a, pa gen dwa pou yo diminye sou okenn nan dwa sa yo. Se responsabilite Administratè lopital la pou l devlope e aplike règleman yo pou pwoteje dwa pasyan yo e pou l reponn a kesyon oswa plent ki gen rapò ak dwa pasyan yo. Dwa sa yo dwe gen ladan yo omwen sa ki annapre yo:

1. Dwa pou resevwa swen ak sèvis sante lopital la dwe bay selon lwa N.J.S.A. 26:1-1 ak seksyon ki vin apre l yo ak règ Depatman Sante ak Sèvis pou Granmoun Aje (Department of Health and Senior Services) adopte yo pou aplike lwa sa a;
2. Dwa pou resevwa tretman ak sèvis medikal san diskriminasyon ki baze sou ras, laj, relijyon, nasyonalite, sèks, preferans seksyèl, andikap, dyagnostik, kapasite pou fè peman, oswa sous peman;
3. Dwa pou kenbe ak ekzès, otank posib, tout dwa konstitisyonèl, sivil, e legal pasyan an, gen dwa pou l resevwa selon lalwa;
4. Dwa pou bay pasyan an gen non ak fonksyon tout doktè ak non lòt pwofesyonèl swen sante ki bay pasyan an swen dirèk. Moun sa yo dwe idantifye tèt yo, di kimoun yo ye oswa mete yon badj sou yo ki gen non yo;
5. Dwa pou resevwa, leplivite ke posib, sèvis yon tradiktè oswa yon entèprèt pou fasilite komunikasyon ant pasyan an ak pèsònèl ki bay swen sante nan lopital la;
6. Dwa pou resevwa nan men doktè pasyan an oswa praktisyen klinik la (yo) -- nan yon langaj pasyan an ka konprann kòmsadwa -- eksplikasyon y ap ba li sou kondisyon medikal li, tretman ki rekòmande, ris ki gen nan tretman an, rezilta yo espere yo ak altènativ medikal ki posib yo. Si enfòmasyon sa a pral afekte sante pasyan an, oswa si pasyan an pa kapab konprann enfòmasyon an, se yon paran pwòch oswa responsab legal la ki dwe resevwa eksplikasyon an, epitou se pou yo make l nan dosye medikal pasyan an;
7. Dwa pou bay konsantman enfòmasyon alekri anvan yo kòmanse kèlkeswa pwosedi oswa tretman ki pa ijan, men se sèlman lè yon doktè oswa yon praktisyen klinik fin bay eksplikasyon -- nan yon langaj pasyan an konprann -- ak tout detay espesifik konsènan pwosedi oswa tretman yo rekòmande a, risk ke sa pote, konbyen tan enkapasite an ap dire, ak tout altènativ medikal ki posib pou swen ak tretman. Si gen pwosedi ki mande pou bay konsantman enfòmasyon alekri, yo dwe prezize l nan règleman ak pwosedi lopital la. Si pasyan an pa kapab bay konsantman enfòmasyon alekri, se pou yo obteni konsantman an nan men paran pwòch oswa responsab legal la, oswa atravè yon direktiv alavans, depi lalwa otorize l. Si pasyan an pa bay konsantman alekri, yon doktè oswa praktisyen klinik la, dwe mete yon eksplikasyon nan dosye medikal pasyan an;
8. Dwa pou refize medikaman ak tretman, depi lalwa otorize l e yo dwe fè pasyan an konnen ki konsekans medikal zak sa a genyen;
9. Dwa pou yo mete pasyan an nan rechèch eksperimental sèlman lè pasyan an bay konsantman enfòmasyon alekri pou l patisipe, oswa si responsab legal la bay konsantman pou sa nan plas yon pasyan ki nan enkapasite konfòmman ak lalwa ak règleman yo. Pasyan an gen dwa refize patisipe nan rechèch eksperimental, avèk tou nan investigasyon sou nouvo medikaman ak aparèy medikal;
10. Dwa pou yo avize pasyan an si lopital la otorize lòt enstitisyon swen sante ak edikasyonèl pou patisipe nan tretman pasyan an. Pasyan an tou gen dwa pou l konnen idantite ak fonksyon enstitisyon sa yo, e li ka refize kite enstitisyon yo patisipe nan tretman pasyan an;
11. Dwa pou yo esplike pasyan an règleman ak pwosedi lopital la nan zafè metòd yo anplwaye pou sove lavi ak fason yo itilize oswa fason yo sispann mekanis ki bay sipò pou rete an vi. Règleman ak pwosedi sa yo dwe disponib byen vit nan fòm ekri pou pasyan an, fanmi l oswa responsab legal l, epi pou piblik la, sou demann;
12. Dwa pou doktè tretan an ak lòt founisè sèvis swen sante avize pasyan an sou nenpòt ki kondisyon swen sante k ap kontinye apre yo fin egzeyate pasyan an nan lopital la. Pasyan an tou gen dwa pou l resevwa asistans doktè ak anplwaye lopital apwopriye yo pou fè aranjanman pou yo jwenn swivi swen apre egzeyat;
13. Dwa pou resevwa ase tan avan egzeyat la pou yo fè aranjanman w bezwen pou ale pran swen sante apre ospitalizasyon.
14. Dwa pou lopital la fè w konnen sou pwosesis apèl sou egzeyat ke pasyan an gen dwa mande selon lalwa;
15. Dwa pou yo transfere pasyan an nan yon lòt etablisman pou youn nan rezon swivan sa yo sèlman, e se pou yo anrejistre rezon an nan dosye medikal pasyan an:
  - i. Lopital k ap fè transfè a pa kapab bay kalite oswa nivo swen medikal ki apwopriye pou pasyan an. Lopital la dwe fè efò imedyatman pou avèti doktè swen prensipal pasyan an ak paran pwòch yo, ak dokimante ke yo te resevwa avi yo; oswa
  - ii. Se pasyan an, oswa paran pwòch pasyan an, oswa responsab legal la ki mande transfè a, lè pasyan an mantalman enkapab oswa lè l pa anmezi pou l pran desizyon;
16. Dwa pou resevwa nan men doktè a yon eksplikasyon sou rezon ki fè y ap transfere pasyan an nan yon lòt etablisman, enfòmasyon sou lòt opsyon ki genyen apade transfè a, verifye lòt etablisman an ap resevwa pasyan an toutbon, epi asire ke mouvman ki asosye ak transfè a pa p riske mete lavi pasyan an danje san nesessite, e ki ka menm deteryore kondisyon medikal li. Yo dwe bay pasyan an esplikasyon sou transfè a davans, e /oswa bay paran pwòch pasyan an oswa responsab legal li an, eksepte si ta gen yon sityasyon ki nesessite yo transfere pasyan an tousuit poutèt lavi l menase.
17. Dwa pou yo trete pasyan an ak koutwazi, konsiderasyon, ak respè pou diyite ak endividalite pasyan an;
18. Dwa pou yo pa fè pasyan an okenn abi fizik ak mantal;
19. Dwa pou yo pa restrenn mouvman pasyan an, amwenske yon doktè mande sa pou yon ti peryòd tan pou pwoteje pasyan an oswa lòt moun pa sibi domaj;
20. Dwa pou pasyan an genyen konfidansyalite fizik pandan tretman medikal ak lè l ap okipe fonksyon ijyèn pèsònèl, tankou benyen ak itilize twalèt, amwenske pasyan an bezwen asistans pou pwòp sekirite l. Epitou yo dwe respekte konfidansyalite pasyan an lè y ap fèt lòt pwosedi swen sante epi lè pèsònèl lopital la ap diskite sou pasyan an;
21. Dwa pou enfòmasyon sou tretman pasyan an rete konfidansyèl. Yo pa dwe divulge enfòmasyon ki nan dosye pasyan an bay nenpòt moun ki deyò lopital la san otorizasyon pasyan an, amwenske yon lòt etablisman k ap bay swen sante kote yo te transfere pasyan an, ta bezwen enfòmasyon an, oswa amwenske divulgasyon enfòmasyon an nesessè epi pèmèsib selon lalwa, yon kontra peman tyès-pati, yon revizyon medikal ant doktè, oswa Depatman Sante Eta New Jersey. Lopital la ka soumèt done sou pasyan an pou yo fè etid ki gen estatistik kolektif, lè yo cache idantite pasyan an;
22. Dwa pou resevwa yon kopi tarif peman lopital la, kèlkeswa sous peman an. Sou demann, pasyan an oswa pati responsab la dwe resevwa yon bòdwo detaye ak yon eksplikasyon sou sa yo chaje yo sizoka ta gen plis kesyon. Pasyan an oswa pati responsab la gen dwa pou l konteste montan yo faktire yo. Lopital la dwe bay pasyan an oswa pati responsab la yon eksplikasyon sou pwosedi pou suiv lè y ap fè kontestasyon;
23. Dwa pou yo avize pasyan an alekri sou règ ak règleman lopital la ki gen rapò ak kondwit pasyan yo ak kondwit vizite yo.
  - i. Pasyan ki gen yon patnè nan inyon sivil, e/oswa yon pasyan ki gen yon patnè domestik, dwe gen menm privilèj vizit, toukòm vizite a te madan marye oswa mesye marye pasyan an.
  - ii. Yon etablisman pa dwe mande yon pasyan oswa patnè sivil oubyen patnè domestik pasyan an pou l bay prèv sou relasyon yo kòm kondisyon pou jwi privilèj vizit yo, amwenske nan sityasyon sa yo etablisman an mande pasyan ki marye oswa madanm oubyen mari yo pou bay prèv ki montre yo marye.

- iii. Yo pa dwe refize oswa diminye sou privilèj vizit yo sou baz ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, zansèt, laj, estati marital, oryantasyon afektif oswa seksyèl, estati famiyal, andikap, nasyonalite, sèks, idantite seksyèl oubyen ekspresyon oswa sous revni legal.
  - iv. Yo ka limite vizit yo si gen sikonstans medikal apwopriye ki mande sa, oswa si yon pwofesyonèl swen sante ki responsab swen pasyan an pran desizyon an sou baz klinik;
24. Dwa pou pasyan an gen aksè rapid a enfòmasyon ki nan dosye medikal pasyan an, amwenske yon doktè entèdi aksè a poutèt li ka mete sante pasyan an andanje, epi doktè a dwe esplike rezon an nan dosye medikal la. Nan ka sa a, paran pwòch pasyan an oswa responsab la gen dwa pou l gade dosye a. Dwa sa a rete an vigè apre ke pasyan an egzeyate nan lopital la pou osi lontan ke lopital la gen kopi dosye a;
  25. Dwa pou jwenn yon kopi dosye medikal pasyan an, a yon pri rezonab, nan lespas 30 jou apre yo fin voye yon demann alekri bay lopital la. Si yo pa konseye pou pasyan an gen aksè pou rezon medikal (dapre sa yon doktè make nan dosye medikal pasyan an), dosye medikal la dwe disponib pou sizoka yon reprezantan pasyan an ki gen otorizasyon legal oswa doktè pasyan an mande l;
  26. Dwa pou pasyan an itilize espas yo rezève pou pasyan yo mete afè pèsònèl yo nan chanm nan. Si pasyan an pa kapab asime responsabilite pou afè pèsònèl li, dwe gen yon sistèm anplas pou pwoteje afè pèsònèl pasyan an jiskaske paran pwòch pasyan an kapab asime responsabilite pou atik sa yo;
  27. Dwa pou yo bay yon rezime sou dwa pasyan sa yo, jan Depatman Sante Eta New Jersey apwouve l, ak nenpòt règleman ak pwosedi anplis lopital la etabli ki enplike dwa ak responsabilite pasyan an. Epitou rezime sa a dwe gen non ak nimewo telefòn pèsònèl lopital la ki disponib sizoka pasyan an bezwen pote plent konsènan posibilite vyolasyon dwa pasyan yo. Yo pral bay rezime sa a nan lang natifnatal pasyan an si pami popilasyon lopital la ap desèvi gen 10 pousan oswa plis moun ki pale lang sa a k ap resevwa sèvis nan lopital la. Anplis, yon rezime dwa pasyan sa yo, jan Depatman Sante Eta New Jersey apwouve l, dwe afiche defason pou tout moun wè l, nan chanm pasyan an ak nan anplasman piblik nan tout lopital la. Kopi konplè sou-chapit sa a ap disponib nan estasyon enfimye yo ak nan lòt zòn enskripsyon swen pou pasyan nan lopital la, kòmka pou pasyan yo ak fanmi yo oswa responsab legal yo kapab gade;
  28. Dwa pou pote plent li yo ba manm pèsònèl lopital yo ke lopital la chwazi pou reponn kesyon oswa adrese plent sou dwa pasyan yo epi dwa pou resevwa yon repons pou plent sa yo nan yon peryòd tan rezonab. Lopital la oblije bay chak pasyan oswa gadyen legal non, adrès, ak nimewo telefòn ajans gouvènman yo kote pasyan an ka pote plent epi poze kesyon, avèk tou nimewo telefòn Liy Asistans pou Pote Plent nan Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health Complaint Hotline) nan 1-800-792-9770 . Yo fèt pou afiche enfòmasyon sa a defason pou tout moun ka wè l vizibleman nan anplasman piblik nan tout lopital la;
  29. Dwa pou ede pasyan yo jwenn asistans piblik ak benefis swen sante prive ke pasyan an ka gen dwa pou resevwa. Sa gen ladann, pou yo avize yo ke yo se endijan oswa yo pa gen ase mwayen pou peye e ke yo ka elijib pou pwoteksyon asirans, ak resevwa enfòmasyon ak lòt asistans ki nesessè pou kalifye ak aplike pou benefis oswa ranbousman;
  30. Dwa pou pasyan an anboche sou kontra dirèkteman yon enfimye pwofesyonèl ki diplome e ki gen lisans New Jersey ke pasyan an chwazi pou swen enfimye prive pandan l entène lopital la. Yon enfimye pwofesyonèl ki diplome ke yo kontrakte nan sans sa a, dwe konfòme li ak règleman ak pwosedi lopital la konsènan pwotokòl tretman yo, ak règleman ak pwosedi yo toutotan kondisyon sa yo menm avèk kondisyon pou sèvis prive ak enfimye regilye ki anplwaye yo. Lopital la, sou demann, ap bay pasyan an oswa moun li deziyen an yon lis rejis asosyasyon pwofesyonèl enfimye lokal ki pa travay pou pwofi, ki refere enfimye pou swen enfimye prive pwofesyonèl; ak
  31. Dwa pou pasyan an espere ak resevwa evalyasyon apwopriye, jesyon ak tretman doule kòm yon eleman entegral nan swen moun sa a, annakò avèk N.J.A.C. 8:43E-6

#### **Ou ka kontakte antite swivan yo si w gen nenpòt kesyon oswa plent:**

- Reprezantan Pasyan University Hospital la, ki lokalize nan University Hospital, 150 Bergen Street, room C-242, Newark, New Jersey 07101. Telefòn: (973) 972-6410.
- Depatman Sante NJ. Liy Asistans pou pote plent: (800) 792-9770. Adrès: NJ Department of Health, Division of Health Facilities Evaluation & Licensing, PO Box 367, Trenton, NJ 08625-0367.
- Komisyon Miks. Imèl: [complaint@jointcommission.org](mailto:complaint@jointcommission.org). Adrès: Office of Quality Monitoring, The Joint Commission, One Renaissance Blvd, Oakbrook Terrace, Illinois 60181.

Deklarasyon Dwa Pasyan an disponib nan lang Angle, Panyòl, Brezilyen Pòtigè/ Kreyòl Ayisyen, Franse/ Arab/ عربي, Pòtigè/ Polonè/ Polskie, Mandaren/ 普通话, Ris/ русский.